



# Kòman Pou w Jwenn Resous pou w Mete Kò w apa San Danje Lakay ou

NYC Test & Trace ap asire l ke tout moun ki gen COVID-19 oswa ki te an kontak ak yon moun ki gen COVID-19 gen resous pou mete kò l apa san danje lakay li. Pou nou fè sa, nou travay ak resous navigatè yo atravè òganizasyon kominotè yo nan zòn kote w ap viv la. Yo ka ede w konekte ak resous ki nan vwazinaj ou.

## Resous nou yo gen ladan l:

- + livrezon manje
- + konje peye nan men patwon ou
- + medikaman
- + asirans sante
- + sèvis (elektrisite, dlo, gaz)
- + èd pou w gen yon lòd fòmèl pou karantèn
- + yon founisè swen prensipal
- + sipò sante mantal
- + èd kont vyolans nan fwaye
- + sèvis sosyal
- + lojman ak resous pou moun ki sanabri
- + swen pou bèt nan kay
- + pakè Take Care ki gen ase ekipman pwoteksyon pèsònèl pou yon fwaye ki gen 3 moun mete tèt yo an karantèn oswa izole yo pandan 10 jou.
- + ak plis toujou!

Pou w kontakte yon resous navigatè, rele nan **212-540-6923** pou yo ka konekte w ak yon resous pou ede w ak retablisman COVID ou. Si ou kite yon mesaj vokal lè nou fèmen, yon navigatè resous ap rele nou nan pwochen jou travay la.

**Pale ak yon navigatè resous p ap gen onkenn enpak sou posibilite ou genyen pou ou aplike pou yon rezidans pèmanan (oswa "green card").** Si w gen kesyon sou estati w antake imigran, rele nimewo ActionNYC nan 1-800-354-0365 epi di "public charge" (chaj piblik) apati 9:00 a.m. jiska 6:00 p.m., lendi jiska vandredi, pou w jwenn repons pou kesyon w yo.

**Òganizasyon patenè yo gen ladan yo:** BronxWorks, CUNY ak Konsèy Planifikasyon Chinwa-Ameriken (Chinese-American Planning Council, CPC) an partenarya ak Sèvis Kominotè Koreyen (Korean Community Services).

Tout enfòmasyon NYC Test & Trace Corps resevwa atravè swivi kontak yo konfidansyèl epi yo pwoteje dapre Kòd Sante Vil Nouyòk la. Bazdone Corps la pa konekte ansanm ak onkenn bazdone ajans ki la pou aplike lalwa yo. NYC Test & Trace ap anrejistre tout enfòmasyon nou resevwa an sekirite epi se sèlman estaf ki otorize ki ap ka itilize yo pou sèlman objektif pwoteksyon sante piblik.

Pou jwenn plis enfòmasyon,  
al gade nan [testandtrace.nyc](https://testandtrace.nyc)

NYC  
HEALTH+  
HOSPITALS

Test & Trace  
Corps